



## Leadership

Toni Preckwinkle  
President  
Cook County Board of Commissioners

Israel Rocha, Jr.  
Chief Executive Officer  
Cook County Health

## Board of Directors

M. Hill Hammock  
Chair of the Board  
  
David Ernesto Munar  
Vice Chair of the Board

Robert Currie  
Hon. Dr. Dennis Deer, LCPC, CCFC  
Mary Driscoll, RN, MPH  
Raul Garza  
Ada Mary Gugenheim

Joseph M. Harrington  
Mike Koetting  
Heather M. Prendergast, MD, MS, MPH  
Robert G. Reiter, Jr.  
Otis L. Story, Sr.

## SA SE YON FOMILÈ OTORIZASYON KOUT KI EKRI POU PATISIPAN RECHÈCH LAN KI PALE \_\_\_\_\_

## DOKIMAN SA DWE EKRI NAN YON LANG KE PATISIPAN RECHÈCH LAN KAPAB KONPRANN

Nou mande w pou patisipe nan yon etid rechèch.

Anvan ou dako, envestigatè an dwe pale de (I) objektif, pwosedi, ak konbyen tan rechèch la nap pran; (II) tout pwosedi eksperimental; (III) tout risk previzib, malèz, ak benefis rechèch lan; (IV) nenpòt pwosedi oswa tretman altènatif potansyèl; epi (V) kijan yo pral kenbe konfidansyalite.

Konsa tou envestigatè an dwe pale w de (I) nenpòt konpansayon oswa trètman medikal ki disponib si w ta blese; (II) posiblite pou risk enprevi; (III) sikontans kote envestigatè a ka sispann patisipasyon w; (IV) nenpòt lòt depans pou ou; (V) sa k ap pase si w deside sispann patisipe; (VI) lè yo pral fè w konnen nouvo rezulta ki ka afekte volonte w pou patisipe; epi (VII) konbyen moun ki pral nan etid la.

Si w dakò pou w patisipe, yo dwe ba w yon kopi dokiman sa a ki siyen ak yon rezime rechèch la alekri.

Ou kapab kontakte (non envestigatè an) \_\_\_\_\_ nan (nimewo telefon)  
\_\_\_\_\_  
nenpòt lè w ta gen kesyon konsenan rechèch lan.

Ou kapab kontakte **Direksyon Enstitisyonèl Revizyon Sante Cook County (Cook County Health Institutional Review Board)** nan (312) 864-4821, pandan lè travay, si w ta gen kesyon konsenan dwa antanke patisipan nan rechèch lan.

Patisipasyon w nan rechèch sa a volontè, ou p ap penalize ni pèdi benefis si w ta refize patisipe oswa deside kanpe.

Siyen dokiman sa a, sa vle di ke ou jwenn eksplikasyon oral sou etid rechèch la, ki gen ladan enfòmasyon ki anwo yo, epi ou volontèman dakò pou w patisipe.

---

Non patisipan rechèch lan

---

Siyati patisipan rechèch lan

---

Dat

---

Non temwen an

---

Siyati temwen an

---

Dat

\*Temwen an kapab entèprèt la, sof si entèprèt la se moun nan k ap cheche konsantman an tou.